

Kijan mwen ka jwenn alokasyon envalidite SSI pou pitit mwen an?

Kisa SSI ye?

[Revni Sekirite Sipleman \(SSI\)](#) se yon pwogram Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) administre ki bay yon ti revni mansyèl pou timoun ak granmoun ki gen andikap grav ansanm ak granmoun ki pi gran (65 lane oswa plis).



Kijan pou m aplike pou SSI pou pitit mwen an?

Pran yon randevou nan telefòn ak biwo sekirite sosyal lokal ou a.

- **Rele Sant Apèl Administrasyon Sekirite Sosyal la** nan 800-772-1213 epi mande pou aplike pou SSI pou pitit ou a. Reprezantan sant apèl la ta dwe:
 - Mande nimewo sekirite sosyal responsab swen an ak timoun lan, ansanm ak dat yo te dekouvri timoun lan andikape.
 - Pran yon randevou nan telefòn ak biwo sekirite sosyal lokal ou a.
- **Si tan atant lan twò long**, eseye rele Biwo Sekirite Sosyal lokal ou a.
 - Antre kòd postal ou nan lokalizatè biwo SSA a pou jwenn biwo lokal ou a. secure.ssa.gov/ICON/main.jsp
 - Rele biwo lokal ou a apati nimewo dirèk sa yo.
 - Sant Vil la: 1500 JFK Blvd, Suite 2000A, 866-613-3969
 - Sid: 3336 S Broad St, 877-575-5191
 - Nicetown: 2929 N Broad St, 877-319-0727
 - Nòdès: 9300 Ashton Rd, Inite 4, 866-331-7840
 - Aramingo: 3400 Aramingo Ave, 855-248-0233
 - University City: 4240 Ri Mache, 877-445-9977
 - Germantown: 701 E Cheltenham Ave, 866-495-0255



Kijan m ka prepare m pou lè m ap resevwa apèl telefòn nan?

- **Ranmase enfòmasyon finansye.** Rasanble enfòmasyon sou tout revni fwaye ou (tankou salè, alokasyon lajan kach, pansyon, manje ak lojman lòt moun bay) ak resous ou yo (kont labank, kont retrèt/envestisman, pwopriyete). SSI gen limit sou revni ak resous.
- **Ranmase enfòmasyon sou andikap.** Ekri non, adrès, ak dat dènye randevou pou tout doktè, espesyalis, lopital, terapet, lekòl ak pwogram entèvansyon prekòs ki gendwa gen dosye sou andikap pitit ou a.



Kijan m ka ede Sekirite Sosyal la pran yon desizyon?

- **Mande Sekirite Sosyal ki dosye yo bezwen** epi mande kijan ou ka voye yo dokiman ou ta renmen mete nan aplikasyon pitit ou a.
- **Bay yon Rapò sou Fonksyonman ekri** (Fòmilè SSA 3376 pou timoun ki gen laj depi nesans rive nan 3 lane oswa Fòmilè SSA 3377 pou timoun ki gen ant 3 a 6 lane) epi detaye ki bagay ki difisil pou pitit ou a fè ak ki kalite èd pitit ou a jwenn pou aktivite lavi chak jou li yo.
- **Di SSA si adrès ou oswa nimewo telefòn ou chanje.** Chèche imèl ki soti bò kote SSA epi reponn byen vit pou ou pa rate okenn dat limit.

Kisa m ka fè si yo refize pitit mwen an?

- **Depoze yon kontestasyon** touswit pou rekonsiderasyon ak potansyèl odyans.
- **Chèche èd legal** lè w kontakte yon avoka pou reprezantasyon. Sèvis Legal Kominotè (CLS) gendwa bay reprezantasyon gratis. Pou plis enfòmasyon, vizite clsphila.org/services/ssi-social-security oubyen rele 215-981-3700.

